



Pou Piblikasyon Imedya: 11/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## NAN DIZNEVYÈM ANIVÈSÈ A, GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN REKONSTITISYON PWOJÈ LWA FÒS ENTÈVANSYON PWOTEKSYON TRAVAYÈ 11 SEPTANM YO

### *Lejislasyon an pwolonje Fòs Entèvansyon an jiska jen 2025*

***Lejislasyon elaji konpetans fòs entèvansyon an pou analize tan tretman pou reklamasyon akòz andikap yo, mank pwoteksyon pou andikap pou anplwaye piblik yo ak opòtinite pou idantifye moun ki te patisipe nan repons 11/9 lan***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon (S08129/A10249) pou rekonstitye Fòs Entèvansyon Pwoteksyon Travayè 11 Septanm (September 11 Workers Protection Task Force) yo. Fòmè an 2005, Fòs Entèvansyon an te kreye pou jwenn done konsènan enpak negatif sou sante travayè yo ki te patisipe nan pote sekou, rekipasyon ak repons nan World Trade Center a, idantifye limit pwogram ki egziste deja pou andikap travayè sa yo, epi fè rekòmandasyon pou amelyore aksè ak pòte pwogram sa yo.

"Gason ak fanm vanyan sa yo mete sante yo ak sekirite yo an danje yon fason dezenterese pou ede New York rekipere apre 11/9 e yo merite pou yo pran swen yo fason yo te pran swen nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mezi sa a pral ede asire yo kontinye resevwa swen yo bezwen e ke New York kapab aji pou satisfè bezwen yo k'ap evolye."

Fòs Entèvansyon an deja etidye ak pibliye rapò konsènan enpak sou sante akòz ekspozè a toksin nan Ground Zero, limit lwa ak règleman ki egziste deja yo pou benefis retrèt pou andikap pa aksidan ak finansman potansyèl federal pou ede eta a ak depans yo. Lejislasyon an pwolonje egzistans Fòs Entèvansyon an pou 5 ane jiska jen 2025. Anplis de sa li agrandi konpetans yo egzije pou Fòs Entèvansyon pou enkli analiz tan tretman mwayèn pou reklamasyon andikap, avi sou pousantaj apwobasyon pou reklamasyon, mank pwoteksyon pou andikap pou anplwaye piblik yo ki te patisipe nan pote repons, men ki pa te manm nan yon sistèm retrèt nan moman an ; pwosesis apèl ak opòtinite pou senkronize benefis ak idantifye moun ki te patisipe nan repons 11/9 lan.

**Senatè Andrew Gounardes te deklare,** "Prèske de deseni apre atak 11/9 lan, premye sekouris nou yo toujou fè fas ak enpak yo. Dè milye ladan yo te dyagnostike ak kansè

ak maladi ki gen rapò 11/9. Lè nou di 'pa janm bliye' nou dwe vle di tou pa janm kite dèyè moun ki te ewo nou yo nan jou terib sa a ak tout jou apre yo. Pwojè lwa sa a pral pèmèt nou kontinye asire travayè ak sekouris sa yo gen benefis ak swen sante yo bezwen ak merite, e mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo paske li siyen pwojè lwa mwen an jodi a".

**Manm Asanble Stacey Pheffer Amato te deklare,** "Nou p'ap janm bliye 11 septanm 2001, e se poutèt sa travay nou pa janm sispann pwoteje moun ki kontinye afekte pa evènman yo nan jou sa a. Fòs Entèkansyon Pwoteksyon Travayè 11 Septanm lan pral pi byen pwoteje ak sèvi gason ak fanm yo, ak fanmi yo, ki te sakrifye yo anpil pou vil nou an. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan batay pou sipòte tout premye sekouris 11/9 yo, e mwen vle remèsye Senatè Andrew Gounardes pou patenarya li nan ede pase lwa sa a nan Sena Eta a".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)